दिन–शनिवार                                                                                    दिनांक–17.10.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ                                                              अवधि – 05 मिनट

---

निर्वाचन आयोग अगिला बरख पहिल जनवरी कऽ पात्रताक आधार पर बिहार सहित चौदह राज्य आओर तीन केंद्रशासित प्रदेश मे मतदाता सूचीक विशेष संक्षिप्त पुनरीक्षण–एसएसआर करेबाक लेल जनौलक अछि। आयोगक अनुसार, मतदाता सूचीक प्रारूप एहि बरख बारह नवंबर कऽ  मे प्रकाशित कयल जायत, जखनकि अंतिम सूची अगिला बरख चारि जनवरी कऽ जारी होयत। पात्र नागरिक सभ अगिला मासक बारह तारीख सँ ग्यारह दिसंबर धरि दावा आओर आपत्ति दर्ज करा सकैत छथि। आयोग जनौलक जे पहिल अप्रैल, पहिल जुलाई या पहिल अक्टूबर दू हजार सत्ताइस कऽ अठारह बरख उमरि पूरा करयवला नागरिक सभ मतदाता सूची मे नाम दर्ज करय लेल अग्रिम आवेदन कऽ सकैत छथि।

———————————————————

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी जनौलनि जे पर्यावरणक संतुलन बनौने रखैत राज्य मे विकास काज कयल जा रहल अछि। श्री चौधरी आइ लोकसेवक आवासक 'नेक संवाद' मे पर्यावरणविद् पद्मभूषण डॉ. अनिल प्रकाश जोशीक अगुआई मे जनकपुर धामसँ देहरादून धरि साइकिल यात्रा कऽ रहल टीमक सदस्य सभसँ भेंट–घाट कयलनि। मुख्यमंत्री जनौलनि जे हरित ऊर्जा, इको टूरिज्म, जल संरक्षण आओर पर्यावरण सुरक्षा के बढ़ावा देब सरकारक प्राथमिकता अछि। ओ जनौलनि जे राज्य सरकार हरित आवरण बढ़ेबाक लेल सदिखन प्रयास कऽ रहल अछि।

———————————————————

भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नवीन दू दिवसीय बिहार दौरा पर आइ पटना अयलाह। श्री नवीन कुम्हरार विधानसभा क्षेत्र मे सेवा सहायता पोर्टलक शुभारंभ कयलनि। भाजपा अध्यक्ष विधान परिषद चुनाव मे एनडीए उम्मीदवार सभ के जीतेबाक लेल पार्टी पदाधिकारी सभक संग रणनीतिक बैसार मे सेहो भाग लेताह।

———————————————————

राज्य सरकार पटना जिला जज अक्षय कुमार सिंह के नवगठित बिहार परीक्षा सुधार विशेषज्ञ समितिक सचिव नियुक्त कयलक अछि। पटना उच्च न्यायालयक न्यायमूर्ति हरीश कुमार एहि समितिक अध्यक्ष छथि। ई समिति राज्यक कतेको बोर्ड, आयोग, विश्वविद्यालय आओर भर्ती एजेंसीक परीक्षा प्रणाली मे सुधार लेल सुझाव देत।

———————————————————————

शारदीय नवरात्रक सातम दिन आइ देवी दुर्गाक कालरात्रि स्वरूपक पुरा विधि–विधानक संग पूजा–अर्चना कयल जा रहल अछि। मान्यता अछि जे माता दानव रक्तबीजक संहार करबाक लेल कालरात्रिक रूप धारण कयने छलीह। माँक एहि स्वरूपक पूजा कयला सँ भय दूर होइत अछि आ नकारात्मक विचारक नाश होइत अछि। मिथिला सहित प्रदेशक सभ मंदिर आ पूजा पंडाल सभ मे आइ प्राण–प्रतिष्ठाक बाद देवी प्रतिमाक पट श्रद्धालु सभक दर्शन लेल खोलि देल गेल अछि। देवीक दर्शन आ पूजाक लेल पैघ संख्या मे श्रद्धालु सभक भारी भीड़ देखल जा रहल अछि। हमर संवाददाताक अनुसार, शक्तिपीठ आ विभिन्न दुर्गा मंदिर सभमे भक्त सभक भीड़ लागल अछि।

———————————————————————

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आइ माँ कालरात्रिक पूजा–अर्चना कयलनि। सोशल मीडिया पर अपन संदेश मे ओ माता रानी सँ लोक सभक जिनगी मे नव ऊर्जा आ आत्मविश्वासक लेल प्रार्थना कयलनि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी पटना मे नेहरू पथ आओर जगदेव पथक पूजा पंडाल सभ मे पूजा–अर्चना कयलनि। भाजपा अध्यक्ष नितिन नवीन बोरिंग रोडक पूजा पंडाल मे माँ दुर्गाक दर्शन कयलनि आ पूजा–अर्चना कयलनि।

———————————————————————

मिथिला मे महासप्तमीक मौका पर परम्परागत रूप सऽ माताक डोली यात्रा निकालल गेल। डोली यात्रा मे पैघ संख्या मे श्रद्धालु सब देखल गेलाह। एहि बीच जय माता दीक जयघोष सँ पूरा वातावरण भक्तिमय देखल गेल। परम्पराक अनुसार, शारदीय नवरात्रिक षष्ठी तिथि कऽ पुरोहित सभ माता के आबय लेल निमन्त्रण दैत छथि। तकर बाद महासप्तमीक शुभ मुहूर्त मे बेल के माता दुर्गाक स्वरूप मानि डोली मे विराजमान कऽ मन्दिर आनल जाइत अछि। ओतय पूरा विधि–विधान सँ पूजा–अर्चना कयल जाइत अछि। ई परम्परा लोक आस्थाक प्रमुख केन्द्र बनल अछि।

———————————————————————

बिहार मे दू हजार चारि सय चौबीस किलोमीटर सड़क परियोजनासभ लेल केंद्र सरकार एक लाख चौंसठ हजार पाँच सय अठारह करोड़ टाकाक अठारह परियोजना के स्वीकृति देलक अछि। एहि परियोजना मे दरभंगा–जयनगर राष्ट्रीय राजमार्ग आओर सीतामढ़ी–चिरौत सड़क खंड सहित कतेको परियोजना अछि।

———————————————————————

अररिया जिला मे शराब आओर नशाक कारोबारी करयवला सभक खिलाफ पुलिस छापेमारी अभियान चलौलक। एहि बिच तैइस अभियुक्त के गिरफ्तार कयल गेल। गिरफ्तार अभियुक्त सभक लग सँ भारी मात्रा मे देशी–विदेशी शराब, कोडिनयुक्त सिरप, स्मैक सहित कतेको आपत्तिजनक सामान बरामद कयल गेल।

———————————————————————

एहि सँग आकाशवाणी, दरभंगा आ एफएम रेनबो पटना सँ प्रसारित सँवादक ई अंक समाप्त भेल।